

OFFICE OF PORTFOLIO SERVICES

JOHN J. SULLIVAN
TASK ASSIGNED, CHIEF PORTFOLIO SERVICES OFFICER

Signatures on file

DAT: 12 Avril, 2021

POU: Manb School Board

DE: John J. Sullivan, Task Assigned
Chief Portfolio Services Officer

SIJÈ: **REKONMADASYON POU RANVWAYE DISKISYON SOU 2022/23 DELIMITASYON ZÒN
LEKÒL/ITILIZASYON ESPAS NAN LEKÒL**

Chak ane nan mwa Me, Depatman Demografik & Planifikasyon Anwolman [Demographics & Enrollment Planning Department (DEP)] òganize yon atelye (wòkchop) pou enfòmè manb Konsèy Edikasyon sou kesyon anwolman elèv ak itilizasyon espas ak enstalasyon nan lekòl-yo. Diran atelye a DEP soumèt yon pwòje kote li devlope epi egzamine solisyon ak senaryo posib pou itilizasyon espas nan lekòl yo. Epitou manb kominote a va gen opòtinite soumèt pwopozisyon pa-yo.

Nan prentan ane 2020, pandemi COVID-19 fè depatman an oblije ranvwaye atelye sa pou yon lòt dat epi evantyèlman tout pwosesis la nèt pandanstan lekòl yo louvri, ap lite avèk enstriksyon vityèl aplentan epi pi ta, lekòl yo fè tranzisyon ak saldeklas kote pa gen anpil elèv epi obsève distansyasyon fizik. Pa konsekan, depatman an pat òganize yon atelye sou pwosesis itilizasyon espas/delimitasyon zon lekòl, oken chanjman pat reyalize nan ane eskolè 2021/22.

Kondisyon-yo amelyore epi konmanse vin nòmal, anpil anplwaye pran vaksen COVID-19, gen anpil optimis pou relouvri tout lekòl yo ann otòn lè sa tout elèv-yo va resevwa enstriksyon fasafas nan bildin lekòl yo. Nou va konnen apre plizyè mwa enpak pandemi a sou lekòl piblik Broward County, se posib viris la ka parèt anouvo alò nou va blije repanse rapidman jan bildin yo va okipe.

Pou rezon sa yo, mwen rekonmande pa pouswiv reamenaje, konsolide, oswa rekonsève itilizasyon espas nan bildin yo nou ka fè sa pi ta lè nou va gen yon meyè konpreyansyon de lavi apre pandemi a, epi nou va gen plis konfyans nan nou-menm pou pote meyè solisyon devan Konsèy la. Mwen rekonmande konvèsasyon sa yo va fèt alavni, tankou diskite itilizasyon espas yo an Desanm, nou va kouvri sijè tankou:

- Kondisyon ak direksyon anwolman BCPS va pran, enpak pwoliferasyon lekòl charter epi aksè elaji a pwogram voucher
- Mizajaou itilizasyon espas ak enstalasyon atravè Distri a
- Konben sa va koute ak opòtinite amenaje enstalasyon ki pa byen itilize

Recommendation to Postpone the 2022/23 School Attendance Areas/School Usage Discussions

April 12, 2021

Page 2 of 2

- Opsyon pou rekonsevwa epi reòganize enstalasyon yo
- Opòtinite pou optimize anwolman epi reòganize lekòl yo, enkli amelyorasyon altènatif

Mèsi, Manb Konsèy Edikasyon, pou pasyans ou, pandan n'ap lite ak sityasyon difisil epi san presedan sa, nou pa ka tann pou nou gen yon diskisyon pozitif sou vizyon fiti tout enstalasyon ak espas BCPS. Si ou gen kesyon sou anwolman, pwojeksyon anwolman, oswa itilizasyon aktyèl enstalasyon, mwen ankouraje ou explore zouti anliy pou anwolman nan lekòl ak kapasite sou sitweb

<https://webapp.browardschools.com/schoolenrollment/> oswa kontakte **Jill Young, Direktris, nan depatman Demographics & Enrollment Planning Department nan nimewo telefòn (754) 321-2565.**

RWR/JJS/JY:cr

c: Cabinet
Directors of School Performance and Accountability
Principals